दिन—मंगलवार दिनांक—29.10.2024

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

धनतेरसक पर्व आइ पारंपरिक श्रद्धा आ उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। धनतेरस के लऽकऽ हाट बाजार मे भीषण भीड़ देखल जा रहल अछि। आजूक दिन सोना—चानीक आभूषण, वर्तन—वासन आ आनो धातुक वस्तु कीनबाक प्रचलन अछि। एहि सँ घर मे सुख—समृद्धि आ सौभाग्यक वृद्धि होईत अछि। आजूक दिन धन त्रयोदशी आ धनवंतरी जयंतीक रूप मे सेहो मनाओल जाइत अछि। लोक भगवान धनवंतरीक पूजा—अर्चना सेहो करैत छथि। हमर दरभंगा संवाददाता जनौलनि अछि जे जिलाक बिरौल, बहेरा, बेनीपुर, कमतौल, मनीगाछी, सिंहबाड़ा आ सकरी समेत आनो छोट बाजार मे खरीददारी करबाक लेल भीड़ उमड़ल अछि। आनो—आन जिला सँ हाट बाजार आ दोकान सभ मे भारी भीड़ हेबाक संवाद प्राप्त भऽ रहल अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोकसभ के धनतेरसक शुभकामना देलनि अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ धनवंतरी जयंती आ नवम् आयुर्वेद दिवसक अवसर पर नव दिल्ली मे करीब बारह हजार आठ सय पचास करोड़ टाकक लागति सँ स्वास्थ्य क्षेत्र सँ जुड़ल कतेको परियोजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। प्रधानमंत्री आयुष्मान भारत, प्रधानमंत्री जनआरोग्य योजनाक अंतर्गत सत्तरि वर्ष आ ओहि सँ बेसी आयुक सभ वरिष्ठ नागरिक लेल स्वास्थ्य कवरेजक विस्तारक शुभारंभ कयलनि। एहि सँ प्रत्येक आयु वर्गक सभ वरिष्ठ नागरिक के स्वास्थ्य कवरेज प्रदान करय मे मददि भेटत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ पटना एम्स मे सेहो कतेको अत्याधुनिक स्वास्थ्य सेवाक वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ लोकार्पण कयलनि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे एम्स पटना मे ड्रोन स्वास्थ्य सेवा, किडनी प्रत्यारोपण इकाई, कैंसर मरीज लेल हेला मशीनक सुविधा आ नवजात शिशु लेल विशेष निकु वार्डक व्यवस्था आइ सँ शुरू भऽ गेल। एहि

अवसर पर पटना एम्स मे आयोजित एक कार्यक्रम मे स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडे, पटना एम्स निदेशक समेत आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे सरकार आत्मनिर्भर भारतक दिस महत्वपूर्ण काज कयलक अछि आ अंतरिक्ष सँ लऽकऽ विद्युत वाहन मे नव प्रौद्योगिकी सहित प्रत्येक क्षेत्र मे मेक इंन इंडिया के बढ़ावा देलक अछि। श्री मोदी कहलनि जे भारत विश्वक तेसर सभ सँ पैघ अर्थव्यवस्था बनबाक दिस अग्रसर अछि। श्री मोदी आइ विभिन्न सरकारी विभाग आ संगठन मे एकाबन हजार सँ बेसी नव नियुक्त युवा लोकनि के नियुक्ति पत्र सौंपलनि। वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यमे एहि आयोजन के संबोधित करैत प्रधानमंत्री कहलनि जे युवा लोकनि के स्थायी सरकारी नोकरी देबाक प्रयास कयल जा रहल

————————————————————

आइ देश भरि मे चालीस स्थान पर रोजगार मेलाक आयोजन कयल गेल। पटनाक पटेल भवन मे आयोजित कार्यक्रम मे दू सय सत्रह युवा के नियुक्ति पत्र भेटल। नियुक्ति पत्र पाबयवला युवा लोकनि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के धन्यवाद करैत कहलनि जे नव जिम्मेदारी सम्हारबाक लेल तैयार छी। एहि अवसर पर केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह, जीतनराम मांझी आ आनो गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रदेशक बाढ़ि प्रभावित किसानक मध्य आइ कृषि इनपुट अनुदान योजनाक अंतर्गत सय करोड़ सँ बेसी राशिक वितरण कयलनि। पटना मे एक–अणे मार्ग स्थित मुख्यमंत्री आवास सँ आयोजित कार्यक्रम मे ओ डी.बी.टीक माध्यम सँ डेढ़ लाख किसानक बैंक खाता मे अनुदानक राशि वितरित कयलनि।

————————————————————

पटना मे निर्माणाधीन मेट्रो रेल परियोजनाक खोदाई करबाक क्रम मे भेल हादसा मे दू श्रमिकक मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि, छओ आन श्रमिक घायल छथि। पटनाक पीरबहोर थाना क्षेत्र अंतर्गत अशोक राजपथ लऽग मेट्रो टनल के खोदाई काल बोरिंग मशीनक ब्रेक फेल हेबाक कारणे ई दुर्घटना भेल। जिला प्रशासन एहि मामिलाक जांच कऽ रहल अछि।

————————————————————

सहरसाक सिमरी–बख्तियारपुर मे एक अधिवक्ताक भेल हत्याक विरोध मे आइ जिला अधिवक्ता संघ आक्रोश मार्च निकालल‍क आ जिलाधिकारी के एक ज्ञापण सौंपल।

बेगूसराय जिलाक सिमरिया धाम मे दरभंगाक श्रद्धालु संग लूट–पाट कयल गेल आ अपराधी सभ एक युवक के गोली मारि कऽ घायल कऽ देलक। पुलिस मामिलाक छानबीन कऽ रहल अछि।

––––––––––––––––––––––––––––––––––

समाप्त